

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan koeloa, bestuur Pasoendan Bogor.  
 di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer.  
 Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoan dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititrik di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

**Pembantoe sareng agen:**  
 Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.  
 Diawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaya.

**Redaktoer:**  
 SOETISNA SENDJAJA PATAH  
 Redaktoer di Batawi SOERADIRADJA.

**KARANGAN** adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.  
 POSTWISSEL sareng serat noe sanca deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeuweg No. 12 Tasikmalaja.

**Langsangs ADVERTEN TIE:**  
 Sakali moeat sadjajar sakolom 30 sen paling sacutik 10 djadjar sakolom. Dibajar ti patoen.  
 Langganan langkoeng mirah.

**LANGGANAN.** 3 sasih. f 1,50 Dibajar tipatoen. Salambar 15 sen.

## Sipatahoenan kaloear doea kali saminggoe.

Bestuur "Pasoendan" Tjabang Tasikmalaja gaduh maksud dina taon 1929 Sipatahoenan dikaloearkeun saminggoe doea kali. Nanging samemehna prak, sawadina hojong terang heula koemaha timbanganana pama Djoeragan langganan sadaya. Dopei artos langganan dina sakwartal djadi f 250. Tah ieu noe matak ngariskeun ka noe ngaloearkeun Sipatahoenan teh.

Bok "bini" seueur langganan noe liru koe lantaran naek djadi f 250. Ari saktosna mah djadi woewoeh meurah, margi sanes f 3,- Nanging, moeng f 250. Nanging, ura eta atoh djelema teh teu sami kajajanna.

Ajeuna minangka mah tade ngajakun referendum, naras ka sa-rtana Djoeragan langganan moepakat manapi henteu nepami Sipatahoenan kaloear saminggoe doea kali.

Dina postwisseformulier panagihan kwartaal ka IV '28 dina djoerena bade diajau tjarisan kieu: "Moepakat Sipatahoenan kaloear saminggoe doea kali."

## Ieu omongan koe noe moepakat mah antep bae oelah dikitoe kieu.

Langganan noe teu moepakat kana Sip. kaloear saminggoe doea kali di-ehoenkeun kersa ajoret eta seratan. Lawis bade kaloear tina langganan Sip. nepami ieu s. k. kaloear saminggoe doea kali sareng artos langgananana djadi f 250 sakwartaal.

Langganan noe dilagihan koe kwitantie, sae njarios bae ka looper noe ngahian, nepami henteu moepakat Sipatahoenan kaloear doea kali saminggoe.

## Bestuur Pasoendan Tasikmal. 2.

## Opcnten Regentschap.

Tina sarifah ieu, sidik Garoet noe pangsoeboedna, pangtangginasna, pangheulana mere tjuot ka babatoerana, tjuok roepa roepa kabar mah, da geus proeng njeun bealuit rek narik opcenten 6 2/3 tjeah mah.

Ajeuna geus ditiron koe Bandoeng, tapi leuwih ieu mah, sabab koering matja bet make 15-15 kitoe, tina padjeg kasab djeung padjeg mah (persanele belasting). Bet koe dedeg . . . . . moen enja mah!!! Soegan mah geus teu kawadahan koe sakoe end eiddna.

Soekoer atoh . . . . . sala saerang sing nombangkeun kajajana.

Kana njeun opcenten sakoeringeun mah teu aja kabertan, meuang enja koeleop kitoe, ari hajang kana decentralisatie mah, da maal ti mana pimoelaneunana geusah djalan gawe. Ari teu diajakeun mah. Saba-saha noe hajang miloe tjamper, koedoe daek roegi; saba-saba noe hajang betoele koedoe betal.

Ngan bae koedoe sing bener heula tjeoktjeokanana, oelah baboro-boro pabeuta-beuta, ieu mah da lain kana undangang dahar. Sanajan kana undangang dahar oge ari teu pilebok mah bet tara soehoed soehoed teuing.

Tjeok timbangan koering soeh, lamoen bise lamoen aja pakeunna, talengteng heula ka noe agoeug, naha ari padjeg aue ajeuna noe geus katalaunkeun, djeung roepa roepa pangasilan goepernemen anoe tangtue, sidik teu mahina teh geusan kaperloean tanab oerang?

Kadoena, koedoe disasar deni, sarehna oerang ajeuna kapan geus boga

opcenten wawarisan gewestelijke maatschappij 20% tea, rek dikoemahakeun eta teh? Naha tetep bae dianggareun djadi milikna provincie atawa koemaha?

Katilo, koedoe dipapaj sing natrat, sarehna dina agenta vergadering provincie asa matja, jen aja punt tina persara rek narik opcenten provincie. Naha eta teh geus pargoeuh poetoesaunna, sarta geus disahkeun koe pamarentah?

Tina hal ieu menreun djoeragan djoeragan eid geus loba noe oeningt, jen dina taon '26 geus aja beluit provincie rek narik 10%, tapi koe lantaran loba noe protest ti oenggal oenggal goeente, djeung teu digoej-gekeurd koe pamarentah, teu toeroes didjalaneunna. Toer padahal ieu desinit matak ngoentoeungeun oge pikeun ka oerang apdeling noe teu aja gemeentesan mah sanab noe 20% (gewestelijk) bakal leungit, diganti koe noe 10%.

Tah . . . . . lamoen patarosan patarosan oerang noe di loehoer tea geus terang tetela ka oerangna, ka kura oerang netopkeun tjetjekan anoe teger henteu galidur, naha ngamoepakata atawa henteu kana narik opcenten teh.

Pikeun elio anoe bener ingetana . . . . . ieu ngawelikeun deui . . . . . tangtue maal ngamoepakatan lamoen pananja noe kahidji dijawab pangasilan goepernemen mahi keueh, opcenten gewestelijk tetep djeung provincie atan boga katetepin.

Ajeuna sabalikna, elid elid perloe ngarempoeganana lamoen pangasilan goepernemen teu mahi djeung noe 20% tea rek dileungitkeun.

Tapi sadjeroning moepakat oge, oelah djol djol toeroej netepkeun bae sakitoe sakitoe persenna, koedoe ngadagoan heula poetoesan provincie djeung goedkeuring ti pamarentah, saab tisi kabeledjog (kagedean) teuing. Ari kasautikan mah dijgana hese kadjadiana.

Oepama netopkeun opcenten di kabepaten miheulana poetoesanana provincie tjeuk koering mah onbesuisi, sabab provincie koedoe mentingkeun kaperloeanana heula, djeung maal enja bae aja boentot koedoe miheulana hoeloe, atawa soekoe didjeun hoeloe. Biasana oge regentschap noedjoe (noebekoeur) djalanana provincie, lain sahalikna.

Dimana provincie geus tangtue narikna opcenten djeung geus disahkeun koe toean Besar, di dinja kakara oerang netepkeun jobana opcenten sabrahla-sabrahana, ngan sadjeroning kieu teh patjoean pisan poho kana padjeg padjeg anoe geus karasa ajeuna.

Lain bae tjeuk oerang, tapi tjeuk commissie padjegdina taon mangkoeke na oge geus ditenerkeun jen padjeg oerang priboeimi teh geus beurat teuing. Nja geuning aja tjarita sarta boeki opcenten keur pamarentah teh dikoerangan tina 30%, djadi 24% djeung ajeuna ajeuna dikoerangan oge tina padjeg roemah-tangga.

Ngan handjakal bae, perdjangdian pamarentah rek ngarangan landsopcenten oenggal taon teh teu teroes, ngan sakali kalina.

Tah ieu, djoeragan djoeragan leden teh oelah lali. Lamoen bae, lamoen, lamoen provincie narik opcenten 10% oerang oelah djol djol hajang ngadjedjogkeun 20% tjara gewest tea, sanab karasa beurat, tapi saboleh boleh djoemilina regentschap djeung provincie, teh opcentena koedoe koerang tina 20% (ti noe ajeuna, gewest tea)

Pespeuriheun mah djandji pama-

rentah mah ditedoenan, lain ari tjidra mah, atoh geugenj sorangan mah oelah meutjij maueh.

Oerang, oerang priboeimi oelah djol djol beruj koe djalan leuing horang, atawa kota ngagettjilng moejas, ari matak ripoh karasana mah keur naon da barang dahar mah teu ngeunah koe njojolau djalan aoes.

Lain koering teu bajang atawa teu tjoerog kana noe kitoe atawa teu kabata, tapi bajang pada majeng, djalan aoes, kota berea, sarta tjeuk babasau "herip abdi waras goesti tea". Pirakoe koering teu hajang kana kitoe, da hideng keueh. Ngan tjing atoh teuing deui djajana, koemaha pialaneunna. Tjeh panteguing teu timoe teu kapanggih pidjalaneunna, wajahna toenda bae lanan, oelah hajang ngagentak teuing, ari matak moekrok djelema mah.

Tjindekna pogeuh pamoentang koering ka djoeragan - djoeragan eid, soemawonna ari ka elid noe beger, tjatjekan ka anoe poerah njaksian oge saueg: banget nja panohoan, tjing atoh sakali ieu mah boeka soeara, tembongkeun ka beurat teh, sarta sing koekoe oelah nepikeun ka djoemilina opcenten regent-chap djeung provincie mah nepi ka 20% soemawonna leungit mah, tapi sabab bade bae koerang ti 20% . . . . .

Tjing . . . . . hajang njaho koe koering rek dimilp didedeugekeun koemaha geleudoeua.

Oca Nany.

## Geus deukeut.

Moen oerang nitanan kana gerakna doeuja koe moska babab? koe oerang beunang dibandingkeun saperti moentirna boemi. Teu karasa soteh, doemeh kabele barang noe aja disakoeliah oerang, pada miho moentir.

Pukona roepa-roepa elmoe, kapintiran, kaloeboenggan, asal-moesalna ti Azië, ti dinja piudak ka Europa, te roes ka Amerika. Ajeuna dijgana rek balik deui ka oerang ka Azia. Boek-tina tanaga noe aja di sakoeuring oerang geus taremboeng, saperti Japan geus satanding djeung Europa. Djeung koe noe anjar-anjar ieu geus djadi 1 Republik sarta ngabogaan 400 tjoea djawa, katjida dipikagumirna koe oerang Europa. Indie geus toto-rodjolau ngirimkeun deputatie ka London, menta zelfbestuur. Mesir mah merdika, malah ari koe Amerika mah geus diakoe merdika esajaan dina pertatahana.

Karadjan-karadjan djeung tanah-tanah noe geus merdika di Azië geus pjeun tati persooatan.

Oerang Europa geus mimiti soeroed kakawasaanana, toeroen daradjatna, sarta beuki ngahargaan kana kaloeboenganana (cultuur) oerang Azie. Kemo Duitschland mah, koe sabab geus teu boga tanah djadjahan, geus njoetoean ka oerang Europa. Geus ugaleungitkeun bak ngabeta-beta bangsa (Extriorialiteit), geus ngaleungitkeun boekoeman mah.

Meudjeuhna tanah Indonesia ajeuna sakieu gantjanganu, moen manoeek mah geus geoprak-geleproek, hajang geura leupas tina koeroeugna laloesa ngembara di alam doeuja.

Sabagian gede rajat Indonesia geus pinoh angou-angeuna koe roh merdika.

Saer djoer: Ir Soekarno: "Moal aja 1 kakoeatan doeuja noe bisa ngahajang-halag kana angou-angou rajat noe geus pinoh koe roh merdika. Sarta maal bisa mareumkeun kana hoeroengna roh kamerdikaan. Eta

geus diboektikeun dina roepa babad. Koe sabab eta sakabeh nasioeun Indonesia, koedoe pada nepakeun ka rajat Indonesia, woepaja hatena pinoh koe roh merdika sarta pertjaja kana kakoeatan sragangan."

Koemaha woepaja gantjeng soemerepus roh kamerdikaan ka bangsa Indonesia anoe 50 joet?

Eneotan koering, koe nggedekeun sarta ngalirkeun serat kabar noe haloeana nationalistiche. Tangtue bangsa noe sok matja serat kabar kitoe bisa gantjeng nerapkeunana roh merdika, tea. Saperti Djepang pantes katjida soemerepus tjinta ka tanah air teh, da meh oenggal hoeloe pada njandjikeun serat kabar. Di oerang oge, na matak naon bangsa toekang takos, toekang auto, toekang sirup . . . . . dj. s. t. kavem tani, kabeh pada laungangan serat kabar, soemawonna kromo peendidik mah, noe oaris ngadjadikeun rajat anjar, geus lain tjantakeun, puha- . . . . . na, lamoen waktoe ieu mah, teu langganan serat kabar naon?

Di mana pibisaunana didikanana sadjalan djeung djaman.

Kitoe deui kam toekang ngeroes kaamanan nagara noe baris ngooeg-toeg rajat.

Ajeuna Sipatahoenan koe maksudna djoer Bestuur Tjabang Tasikmalaja, didjeun 2 kali saminggoe sarta ngadago poetoesan sadaya langganan.

Pirakoe sadaya langganan Sip. teu pada ngarep-ngarep kana Sip. didjeun 2 kali saminggoe teh, anoe ajeuna sakieu ngarasa kakesejukan, sarta pirakoe aja oge ngatjir pedih ditakeun tina f 1.5 djadi f 250.

Koering pertjaja jen sadajana langganan Sip. geus pada kareng-roeman koe nationale geest (perasaan kabangsaan), nationale daad (pagawean nationale).

Lamoen sadaya langganan Sip. pada propagananda, neangan langganan anjar tiasa kenging 5 bae saerangna; tangtue Sip. gantjeng djadina dagolad Soenda Indonesia.

Ieu oge 1 nationale daad.

Koering bisa ngajukikeun koe matja serat kabar noe haloeana nationalistiche, bisa gantjeng soemerepus roh kamerdikaan teh sarta njaho di barga diri, bisa ngaleungitkeun . . . . . sadajadaja . . . . .

Soegan.

## "Kangdjeng"

Anoe ditjaritakeun di handap ieu, sanes jaritakeun hal kadjadiu di sanes tempat ngan ieu mah woengkoel njaritakeun kadjadian di tempat pangombaruan sim koering njeuna, perloe dikanjahokeun koe sarata.

Ari di tempat pangombaruan sim koering ajeuna, aja 3 bangsa koelit poeth, pagaweanana djaradi hamba wet (politie), malah noe hidji mah didjeun djadoegna di dinja, djadoeg soteh ngan pikeun golongana bae, da ka golongan noe sedjen mah bise sae, malah barkatna oepama disaroakeun reudjeung Wadana, loehoer keueh Wadana. Noe doea deui aja di bawah parentah djadoegna.

Nja anoe doea bae anoe pang sering-na ngaronda ka kampoeng teh.

Oerang kampoeng noe teu njahoen naha eta bangsa koelit poeth teh pangkat naon, asal anoe make badjoe dienst sing sarwa hedjo, poetisna koelit noe berang, tjindekna beda ti politie noe sedjen, tangtue sangkanaanu teh pangkat geeden.

Oepama parang ditanja teh, tara asa-asa djeung getap deui dibarengan koe njeboet "kangdjeng" uesawarah

aja oge anoe geus njaho-eun jen eta bangsa koelit poeth teh pangkatna kana anoe, tapi koe sabab geus djadi kabiasaan (ngabadoe), njeboet "kangdjeng" ana parang papanggih teh koedoe bae mere hormat, tabe kangdjeng".

Atoh eukeur mah k. hajangna dikitoekeun teh, kari kari aja pisan anoe djaroeboet "kangdjeng" euleuh mingkiu ceukah bae liang iroengna teh.

Koe lantaran sering disareboet "kangdjeng", sasatna djoegeng, paegeh bae adalna teh djadi mintjoelak hajang aja di loehoer, djigana teh geus ombong bae wawoeh djeung noe sedjen tati, koma djeung prijil lolauders mah, asa ieu aing radjaua teh.

Sim koering henteu pisan-pisan suik, doemeh koelit poeth disareboet "kangdjeng" ari sim koering henteu, ih nariua oge teu hajang hajang anjar, na'jau djigana oge, koe sim koering dianggap djalma edan, toeroeg toeroeg kapun sidis sim koering teh bangsa Indlander.

Nja kitoe deui sim koering lain ngalarang jet ka bangsa koelit poeth oelah njeboet "kangdjeng" tapi koedoe tiik heula anoe koemaha anoe perloe njeboet "kangdjeng" teh, oelah ngawelikeun deui . . . . . njeboet "kangdjeng" atoh dasar oerang kampoeng, sok kaliroe, henteu bisa ngabadoeun, asal koelit poeth, boeok beureum, disareboet "kangdjeng".

Sim koering oge sok sering njeboet "kangdjeng" mah ka bangsa koelit poeth teh, kitoe oge woengkoel ka bangsa para geeden, seperti ka A.R. ka Resident poegoe deui ka Kangdjeng Dalem mah, asa meudjeuhna maik dina kapargkatanana.

Ari ka bangsa koelit poeth, anoe barkatna na'jan enja aja disareboereun sim koering, tapi ari masih keueh beuki seupan gendjer, boeueg sampeun, pais pada mah, engke heulaan, kadjeun disareboet teu njaho tata, raon perloena koedoe njeboet kangdjeng ka noe pantar kitee, da poegoeh katoe manoesa, saroea pada keur koeli, ngan pada beda dina koelit woengkoel bedas djeung hijeung.

Malah lamoen teu sieun djadi go-reng mah, sim koering teh meureun geus ngider ka kampoeng-kampoeng, ngabadoeun ka oerang kampoeng, oelah sok njeboet kangdjeng ka noe kitoe na'jan bangsa koelit poeth oge, da lain pangkat loehoer, koe njeboet Tren oge geus aloes.

Tapi papada kitoe oge, lain di oerang kampoeng anoe sok moerah kangdjeng teh, di kanta sim koering oge aja noe njeboet kangdjeng ka doenoenganana.

Oepama aja doenoenganana (che-fa), teh, heug jarita boh dina oeroesan dienst, boh dina oeroesan raon bae, anka dijawab teh "saja kangdjeng?" saktjap doea ketjap "kangdjeng" - kangdjeng deui kangdjeng deui.

Fangna njeboet atawa nembai kangdjeng teh, koe sim koering oge kabarti, ngan woengkoel pikeun paminding, sangkan kapake digawe, da ari dina batiuna mah, Wallahoe-alam lissawat.

Tjeuk pikiran sim koering, ari hajang kapake digawe mah, asa teu koedoe koe djilat, dapon oerangna bae tjepeet bener kana digawe, mo be-roeng kpatke, sadajan oerang tontonggeugan oge, kangdjeng deui kangdjeng deui, ari gawe goreng mah, tara beunang diengke deui, harita pok harita djeung, tara kahalangna koe kangdjeng, ari salah mah salah bae, djeungna deui boe teuing ma-



ro redjekina (warisanana), nja ditjarekan, soemawonna ari dipolototan mah, nepi ka ditanganan.

Na disangka keujeup aloe pisan? Koe loba manggih kadjadian kieu, orang bisa njeun Conclusie, jee bangsa orang . . . ka bangsa W. lands . . . nganggapna teu tjara hareto bareto deui, tjindekna lamoen teroes meneroes aja kadjadian kieu bae, orang Walanda bisa toeroen daradjatna dimata orang Priboemi tjek baroelek tea mah "djatoh merek" koe taladjakna sabagian Walanda anoe nganggapna ka orang lir oepama asta.

Memang meh kabeh kontrakan kontrakan, sok pada boga kakawasaan sorangan, nepi ka sok mindeng aja kadjadian anoe ngagoedroedkeun ka ngarsa, lantaran katjida teuing.

Kapan tetela pisan dina kadjadian di kontrak Tjikarang tea!

Tapi parandene kitoe ari njalahkeunana mah ka bangsa orang bae. Padjar kitoe tea, padjar kieu tea, estoe pandoenging noe lain lain.

Padahal lamoen heug koe orang dilalik-balikkeun, asa atra tetela, najrat ti ditoeana moela, saha noe salah? Tapi ah, dasar Huen sicut kadah, ninggang di salah bae.

Eta salah didjoeroekeun meureun, teu di ditoe di Europa, di tanah tuis, di tanah noe soesah pangoejadiwa.

Soedanees.

### Kapapatanan.

(Overgeuomen v. u. Garnet-ch  
Nieuwsblad v. 30 Aug. '28)

Dina poe Djoemah tanggal. 24 Augustus 1928 isook isook, aja bedja ti kantor telepon Tjibatoe ka Garoet, ngahedjakeun hidji perkara noe matlak sedih pisan, tina kaajaan hidji djelma ngaran DJOEM-DI.

Djoemadi teh hidji pagawe kantor telepon Garoet (Lijalegger) djelma noe katjida sorboeina, satiana sarta njaho kawa pagawean djeng kawadjuanana, beunang disoeboekeun hese njar babandiuganana, kaakoeranaa djeng pada kawoela, toer leket, uobonja kawa agamana.

Harita manehna keur masang kawat telepon ti Tjibatoe ka Bloeboer Limbangan; ogedina eta pagawean, koe orang kajahoan, kasatimanana djeng ketegolanana.

Tara aja hidji parentah noe koe manehna karasa loba teuing, beurat teuing, djaoeh teuing atawa hese teuing, sagala pagawean ditampa kalawan soekana.

Dina poe eta isook isook, manehna ngarasa teu ngararounah awak, tapi teroes bae indit kana pagaweanana.

Kakara bae anggeus ugabagi bagi pagawean, soemping titis toelis noe teu beunang dipengkir, Djoemadi moelih ka djati, moelang ka asal, koemambang ka Rachmatelab.

Chef kantor Telepon Garoet, Djoeragan Pijnappel, barang ngadange tina hal eta kadjadian, gagantjaran toenggang auto angkat ka Tjibatoe ngaboektizeun bedja tea. Barang andjeunna soemping ka Tjibatoe, tetela Djoemadi geus teu aja di kieuana, soekma nungga keun raga, tapi koe lantaran keukeuh andjeunna teu pertjajaan, jee eta Djoemadi teh maot, teroes harita keneh ditjandak ka Roemah sakit Garoet, sarta barang geus dipariksa koe Djoeragan Doktor Slamet jee bener Djoemadi teh maotna (hartverlamming) kakara andjeunna pertjantereun.

Geus tangtue, kantor Telepon Garoet, ditinggalkeun koe Djoemadi teh, soep kana paribasa: "Asa potong leungeun katueh".

Moega moega ieu djelma noe sa kieu toehona djeng satiana djadi tjonto pikeun sarere.

### Moerid ditoebles.

Dina p.8 Kemis tg. 6 Sept. '28 di H. J. S. I Tasikmalaja aja moerid ditoebles koe peso tikel koe batoerna.

Hidji moerid kias 4 Anwar ngaranna kira kira oemoer 11 a 12 taheun sok noeroen bae ari ngitong tina beubeunanganana noe aja ngahidji djeng eta roekoe itoengal (cijferoefeningen Boosman en Brands II de deeltje). Koe Ili batoerna sa kelas Auwar ditjaram noeroen, tapi teu noeroet. Toeloj eta beubeunangan tina boekoe itoengal koe Ili diujerjwet. Anwar keuhleun ka

III.

Isokna poe Kamis Ili isook isook kira kira poekoe 7 koerang saparapat geus datang ka sakola sarta djadjan saugoe. Harita tatan aja goeroe saorang orang atjan, lantaran isook keueh. Teu lila djoel Auwar sarta nanjakeun ka Ili perkara boekoe itoengal.

Toeloj Anwar djeng Ili geloet sarta Ili ditoebles koe peso tikel, nja Ili tateo palebah dadana beulah kentja djeng dina kongkolakan taktak deukeut toelang (sientelbeer) sarta rada djero oge ieu tateo teh. Ili roeboeh lantaran rea geuh noe katuear. Poekoe 7 Djoeragan goeroe Soedarna sareng Ahmad Atmadja soemping ka sakola sarta dibedjaan koe boedak jee Ili ditoebles koe Auwar. Geuwat Ili koe djr. Ahmad Atmadja djeng hidji pamilina Ili utawa ka Djoeragan Doktor Soedardjo.

Koe Djoer. Doktor boedak noe tjilaka dioeroes sarta polisi enggal ditelpon koe andjeunna. Toeloj Ili digotong dina medja koe pamilina ka roemah sakit sarta teroes dipariksa. Oerat gede (slagader) noe kana leungeun kentja pegat. Katjida hese disamboengkeunna sarta poekoe 12 leuwih saparapat Ili maot.

Ili kaasoe boedak getel djeng bageur ari pangartina sedengan bae. Barina geus maot, ngan indoengna aja keneh di Tjawi, di Tasik tjitjuga di pamauna. Nja noe ngoeroesna oge pamauna.

Koe lantaran indoengna Ili tea benteu kaasoe djelma tjoekeup goeroe goeroe di H. I. S. I bade ugoempoelk-un artos saeutik eutikeun pikeun indoengna tawis mikadeudeuh. Bilih bae aja noe kersa badjat saeutik oge ditampi kalajan kabingahan noe kintoenkeun ka Djr. Ahmad Atmadja atanapi ka Administratie Sijpatanoenan eugke eta artos diladjeukeun ka sepoehna Ili.

Moega moega ka noe Kawasa boedak noe maot tea di koehoer soepados keuing gandjaran.

### Wartos ti Administratie.

Djrg. Dj. Lg. No. 78 f. 150. Djrg. Nji M. Dj. Lg. No. 200 f. 3. Djrg. D. M. Lg. No. 776 f. 3. Djrg. O. W. Lg. No. 248 f. 150. Djrg. W. Lg. No. 276 f. 150. Djrg. P. Lg. No. 131 f. 3. Djrg. R. S. Lg. No. 427 f. 3. Djrg. W. Lg. No. 856 f. 150. Djrg. I. Lg. No. 868 f. 450 ieres teu atjan ti Kw. I 1/3 III Djrg. M. P. S. Lg. No. 927 f. 150. Djrg. R. E. A. Lg. No. 849 f. 150. Djrg. R. I. N. Lg. No. 784 f. 3. Djrg. R. M. Lg. No. A. 411 (1101) f. 150. Djrg. S. W. Lg. No. 417 f. 150. Djrg. R. T. A. Lg. No. 842 f. 150. Djrg. R. H. P. Lg. No. A. 510 (1102) f. 150. Nuhoen sadajana katampi.

### Rasamoan Pakoempoelan „Pasoendan" Tjabang Tasikmalaja ddo. 26-8-'28. (sambuengan).

Ajeuna anoe dipedar perkawis be grooting desa.

Djoer. Mo. Ench: Loerah djeng djoeoetoeleis desa teh koedoe ngoeroes sagala roepa toet e isan perkara desa. Dimistikeun koedoe aja kasoeok (model A), ngoeroes kaliear-asoepna duet; Register (model B) pakakas djeng sedjer-sedjer barang desa (inventaris); Legger (model C) tina sagala djambatan, got-got, tanggulan-tanggulan djeng pintoer aer di desa; Legger (model D) boekoe perkara tanah desa; djeng letter E. (staat kateringau

postoesan koempoelan desa).

Ien setat setat teh koedoe dipariksa koe amtenaar B. B. anoe pangkatna paling handap Wadana.

Sataoen doa kali noe djadi Wadana diwadjibkeun mariksa soministratie desa, sarta teroes lapor ka Boepati. Perkara oeroesan dooit koedoe dipoetoes koe koempoelan desa.

## TOKO NIC MULLER

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

### TASIKMALAJA.

#### SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Veroaudtrommel (tromel anoe diuus koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit). Pohara perloe disajagikeun di desaa.

kabar djeng atoeranaa kenging di toko.

Pangaos compleet moneg f 1250

Sajagi: PAINKILLER (landong saritiboe geuus) anoe tiasa di-dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngasok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoeban) anggoeun njelep raksokan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe saues? Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, lias seungit wedak wedakan, pondokus ka perloe toilet isti sareng pameget.

Sajagi: Sepeun sareng goela-goela. Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan hats.

Noe ngantos

NIC MULLER.

**TAN JOE AN**  
**TOEKANG GIGI**  
Dimoeke Pasar Tasikmalaja.  
Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes

**Schoonmakerij en Kleermakerij**  
„Malah Mandar"  
Stationsweg 21 Tasikmalaja.  
Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roep-roepi raksokan anggoe pameget atanapi moerangkalih me-dela tiasa noemoetheun sakoemaha kapal, sareng disajagikeun roep-roepi la-wonna.  
Oge nialagian slop-slop, sendal-sendal spatro-spatro ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloeoos noe kasar sareng noe sas.  
Hoermatna noe ngantos pesenan poea  
**O. Sasmita.**

**OEARAN.**  
Mere terang di kantor Raad Kaboepates Tasikmalaja, disadiakeun lilana saboelan pikeun ka sakeur anoe hajang ninggalan rarantjang-begrooting Kaloearan djeng penarimaan Kaboepates Tasikmalaja taoen 1929.  
Boepati Tasikmalaja.  
**Adipati Wiratanoeningrat**

Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.  
Oepami angkat ka Bandoeng celah lepat, moegi karoelen di  
**HOTEL SLAMET**  
**BANDOENG.**  
Kebondjatiweg 41  
angkat ti Station kinten 3 menit.  
Tarief Klas I f 2.— doean f 8 —  
II f 1.50 f 2.50  
sonten vrij thee, eedjng endjng kenging kofie soesoe endog hajam sareng roti.  
Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan begar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresib, lampoe electricch, tji leiding, djouos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.  
Hormat noe ngadjeng ngadjeng  
**E. Carno**  
Eigenaar.

**Administrateur**  
**Afdeelingsbank**  
**Tasikmalaja.**  
**Djoeragan A.L.T.-MANN** sapoetra garwa mileuleujan-keun ka sadaja kantja mitra, koe margi andjeunna angkat ka Europa sareng moegi-moegi tiasa patepang deui.

Wawatjan Lintang Sech Abdoel Kodir Djelani tamat 100+50 manakib pangaos f 4 —  
Kantoe saentik deui. Boekona kandel ageung djilid kartou dikembang kembang  
Weweling ka noe aranom sareng sepeh f 630 karangan B. djangga Djoeragan Aria Mungoenredja, teu kedah dipoe dji deui.  
Noe ngantos pesenan  
**R. Tizawidjaja.**  
Penjingmeester B. K. Djadjawanj Tasikmalaja.  
Kenging oge ngagaleuh ka Toko v/h Pasoendan Tasikmalaja.

**Kleermaker M. SOEKARDI**  
Gang Bruijas & Thijssen No. 8.  
**BANDOENG.**  
Trima pakerajaan boeat bikin segala roepa pikean boeat Toean toean menoeoet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih murah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Paudeglang.  
**Djoega ada sedia roepa roepa kaen.**

**Toko Boekoe**  
**TROMP DE HAAS**  
voorheen toko WEBER  
DJALAN STATION 12. L\*. TELF. 13.  
Sajagi roepi-roepi: Vulpen houder sareng parobot sakola sareng Kantor Ngitjal penmas pikeun vulpen.

**Preanger Chemicalien Handel**  
**TASIKMALAJA**  
Telefoon No. 76.  
Sajagi wedak salicyl noe seungit sareng wedak moerangkalih seungit, Eau de Cologne (kolonjo) Laven-del, Malati, Roses.  
Katja panon model noe panganjarna tina nekel, double, mas sareng tiasa marios sotjana sakalian.  
Noe ngantos pesenan  
**VISSER**  
Ass. Apotheker en Opticien.

**AL-FOER-QAN**  
Tafsir Qoer'an  
Sate tafsir jang beloem pernah ada bandinganna di segala bahasa.  
Diartikan tiap-tiap satoe kalimah dari satoe ayat setjara woordenboek, lantes diberi arti rangkaijan, lantes diberi katera-ngan (noot), lantes diberi rangkasan boeat tiap-tiap ayat.  
Satoe ayat diterangkan empat kali.  
Boleh dapat tjontoh pertjoema.  
Tiap-tiap satoe bagian harga f 1.—  
Bisa dapat dari kantoer „PERSATOEAN ISLAM"  
Pengeran Soemedangweg Bandoeng.

Doel noe teu dipake koedoe diteun deun di bang, teu bennang ditjokot oepama teu aja ijinan Wadana djeung Bupati.

Oenggal taon dina boelan September koedoe ujienn begrooting, sarta pisahboelaen deui ti waktosna wibadameun dina koempoelan desa, raran-tjaugna koedoe geus ditembongkeun di bale-desa. Waktos waktos ieu leha pisan begrooting noe teu pogoeh, kira-kira woengkoel noe pohara soelajana djeung beukti. Diwadjiikkeun koedoe noeroetken boektina. begrooting dipostoes koe reana stem dina koempoelan desa sarta teroes dikoom-keun (oekrachtigd) koe Coll. Geocommitteerden. Ditarima teu ditarimana koe ieu rengrengan dina sakabeh-kabehna djadi teu meunang saartikel-saartikel, samemehna datang postoesan begrooting anjar anoe didjalaukeun koe desa teh begrooting heubeul. Oeroenan desadina sataon teh oelah ngaleu-wihan ± 25% dina padjeg nakara. Saha moetoos koedoe sakoerang koerangna 1/2 na tina reana noe boga sora.

Kadoos kalina sah koe sabaraha bae.

No. II tina agenda irenna djeorg. Otto di Volkraad ditjaroskeun koe djeorg. Prawira. Anoe djadi marga lantaran nja eta koe karepotan di dame! njangking tjadag noe sakitoe poharana. Oepami parantos liren tina lid V. R. mah tangtos ti asa waktos pikeun njoempingau ka Tjabang Tjabang baris marios atanapi ngadamel propaganda. Vergadering rempang ngiari djalan soepados satiasa-tiasa gentosna teh oelah tebih teuing ti kalangan Pasoendan.

Bestuurs herworming. Waktos njaros koe djrg. Ahmad paloe kavoortzitteran diserekenou ka djeorg. M. H. Knuch. Makandua: ajeuna moeng kantoen sataon deui kana piliban roepi-roepi erad. djadi kedah ngileng ti ajeuna saha noe baris dipilih engke. Anoe djadi babakoe noe kedah die-moetkeun teh: pintarna, pertjajaunna sareng anoe pohara pentingna: kadaek-na.

IV. Mulo Pasoendan. Ngongkosana doegi ka ajeuna, koe margi soeb-aidi teu atjan kenging sakala roepi koe Pasoendan sorangan. Dina saah September nembu kenging subesidie. Teu aja sanes moeng pandoe'na sadaja noe ditoda, moegi tiasa loeloes bangloes, teu aja sakara-kara. Di ieu sakala basa Soenda teh dimistikeun (verplichtend). Menggab beurat teuingna eta masrahkeun ka noe kagoengan tang-gelan ngadjar. Ieu teh kapaksa ari teu koe oerang nja koe saha atoech Soenda teh koedoe dipadjoekunnana. Taboeh 12,80 pasamoan ditoeoep.

(Verslag).

### Sipatahoenan gratis.

Oepami ngawitan ping 1 October '28 langganan Sipatahoenan sareng artosna dikintoen ajeuna, Sip. dikintoen ti ajeuna gratis.

## K A B A R

(Tina s. k. sanes).

Mr. Dr. Rutgers Direktoer Justitie rek perlop ka Nagri sarta sanggeusna beak perlopna rek paugieun.

Noe pingantienun djadi Direktoer Justitie tjek bedja Mr. Schrieks oetoesan Pamarentah di Volkraad perkara oemoem noe ajeuna keur perlop di Nagri.

Sabeulaunan Mr. Spits Secretaris Dept. Justitie djadi wakil Direktoer Justitie. (Java Bode).

Tg. 9 Sept. di Kwitng Lebak Weltevreden aja kaheroean katjida gedena. Pompa teu bisa digawe gantjang gantjang, lantaran keur dipake ngaduga di Pasar Gambir.

Militer djeung Padvinder narolep-ngan noe katjilakaan. 900 dielema ajeuna teu baroga imah. Bedjana aja boedak uoe leungit.

Reana imah noe kaheroe ± 75. Sakala Arab djeung masigit meuding-na henteu kadorek. Noe djadi lantaran eta kaheroean roepana aja dielema gagabah kana seuneu.

Pasar Gambir di Batawi ajeuna ditoeoep. Noe laladjo reana 464000 uja eta 90000 leuwih rea batan ta-hoen 1927.

Beubeunanganana f 110.000 nga-leuwihan f 20.000 batan taheun 1927.

Programma Komintern (partij koe-munisie) netepkeun jen sakabeh bangsa koedoe boga hak merdika kahajangna (zelfbeschikkingsrecht) nepi ka misah-

na paparentahan. Bakal mere pitoe-loeng kana pergerakan di tanah dja-djahan noe mako dadasar revolentie.

Di Brussel aja conferentie perkara post sadoenja.

Oetoesan ti Nederland Ir. M. H. Damme djeung G. G. J. Hofker, oetoesan ti Hindia J. Gerde Soorterbek djeung J. F. H. Verhagen.

Doea malioen bangsa Jahoedi di Ukraine (Roeslan) ajeuna kausagara lantaran koerang saharoun.

Di Roeslan balad Soviet disdjar perang mako sagala roepa pakarang. Di tempat tempat sardados ngandjrek aja tooneel djeung aja raramean noe sedjen pikeun ngaboebongah militer koeli-koeli pabrik njoerstan ka sardados noe miloe di djar perang tea, jen eta koeli-koeli oge sanggoep babarengan perang djeung militer pikeun merangan kaum modal.

Di Djerman ajeuna pabrik Laura Werke geus bisa njeun bensis tina arang batoe. Ngan hargana dina 1 Liter tatjan bisa ditetepkeun.

Dr. Hazen Goeroe loehoer basa Djawa di Leiden bakal eureun, lanta-ran kirang sehat ti 17 Sept. '28.

Prins van Wales poetra Mahkola Radja Inggris rek kawin ka poetri ti Zweden. Tapi tjek bedja ari Prins van Wales mah teu pati boga niat bajang kawin, tgan noe djadi sepech roepius hojong geuwat-geuwat poetra-na rimbitan.

Di Peking aja sirkoeir jen sakabeh koemunis dina djeoro saboealan koedoe bebedja ka Pamarentah sarta moal dihoekoem.

Di Canton kaum koemunis teroes dihoeboerak koe Pamarentah Natio-nalis.

### Djoeragan! Djoeragan! ISTR!

Ngawitan ti saah ieu pribados, parantos njojagikeun roepi-roepi outjt, anoe roepi-roepi kembang Parang marodel pisan, dina pangnos nanggel tiasa langkoeng mirah ti toko noe arageung, bilih kirang pertjantun enggal ajeuna njeratan njoehoenkeun roepi-roepi tjoutona, koe pribados dikintoen Gratis ka adres.

**HALIM**

West pasar Straat 16 BANDOENG.

### Enggal moendoet dikintoen rembours, atanapi ngin-toenkeun artos ti pajoen soepados ongkosna langkoeng mirah anggoeun ngagaleuh boekoe-boekoe basa Soenda:

Wawatjan Endon Joajoe f 0,75	panganten) f 0,20
" Roesiah uoe	Sawer Pakoean f 0,20
kasep f 1,20	Aki-ki ogoan f 0,50
Wawatjan Hadis f 0,50	Hadis Miradj f 0,50
Wawatjan Kangdjeng Pa-ngeran Soemedang f 0,75	Bekoe diadjar aksara djeung matja I. II. III. IV. f 0,45
Wawatjan Sadjarwah Ambia ti I doegi ka VII 'a f 1,—	Tembang sisindiran f 1,50
id. sadjilid tamat nganggo dijilid linnon f 8,25	Wawatjan Pangeran Pan-dji Danoemaja ti I doegi ka V f 1,—
Wawatjan Toendjoeng	id. sadjilid tamat nganggo dijilid linnon f 6,—
Waelan f 0,50	Parrimbon I roepa-roepa alamat impian f 0,50
Wawatjan Ibadah kalawan iman f 0,90	id. II f 0,50
Wawatjan Miradj E. N. Moehammad f 0,75	Wawatjan Suekma Sadjati f 0,90
Wawatjan Nabr Paras f 0,50	Tjarita Lali Djawa f 0,50
Wawatjan Eudeu Sari Ban-non f 1,—	Roesiah noe geulis ti I doegi ka III 'a f 1,—
Wawatjan Sajidina Amir Hamzah ka II f 1,—	id. sadjilid tamat nganggo dijilid linnon f 4,—
id. ka tiloe f 1,—	Goudang Djampang f 0,25
Sadjarah tanah Djawa f 1,—	Lajang Moeelimo-Moeelimat f 1,50
Sawer Pamalaten (Sawer	

Djabi ongkos ngintoenkeun.

Anoe ngantos pesenn  
**Boekhandel & Drukkerij**  
**M. I. Prawira - Winata**  
Katja-katja Wetan 132 Bandoeng.

N. B. Boekoe-boekoe anoe kasebat di loehoer kenging oge dibon.

### Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Band Karet Mesin, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (enderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) sarti Beureun, hedjo, blas, konseng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepener.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batra, anoe parantos kasohor kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rama pisan anoe ngarange bedil angin (windbuka) pikeun plestran, nja eta keur blajar oembak atawa keur manoeel, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroekak kana pipi-araan, heulag. kalong, sareng sadjati ti eta sato sato anoe ngaroekak, tang-tos tiasa kenging koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2 nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kaktiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekeop, sadjati ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (setelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 13 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sara, peso nilot peso tjoekeop gounting mesin anoe parantes mashoer kase-anana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tja) pikeun ngadja kawarasan, atawa kasehatan.

### TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)

Tasikmalaja

Djaman kamadjoean, hitos deui ajeuna pikeun ngagaleuh kana per-djalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkatt.

Tasikmalaja-Bandoeng via Garoet via-veera  
ti Tasik ± djam 5,30 endjing ti Bandoeng ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Garoet via Singaparna via-veera  
ti Tasik ± djam 7 endjing ti Garoet ± djam 11,30 siang.

Tasikmalaja-Ceribon via Tjambre-en Koentjangan via-veera  
ti Tasik ± djam 3 soebobh ti Ceribon ± djam 3,30 soebobh ti Tasik ± djam 8,30 endjing ti Ceribon ± djam 8 endjing.

#### Stopplaats.

di Tasikmalaja pajoeenan Toko "Beng"  
" Garoet " Station S. S.  
" Bandoeng " " "  
" Ceribon " Hotel Canton Kadjasaan, sareng pasar Balong.

N. B. Sadaja autobus di merekan T. H. autobus diennet.

Salamina sajagi sindjang Polenggeran Tjiandjoer No. I sareng II pangaos f 2,60 f 2,75 f 3.— Sareng taroempah damel: Tjiandjoer djait ngangge lapis karet f 2,25, taroempah koelit sadajana f 2.— f 2,25 f 2,50 f 3.— sareng nembu nampi pesenan ti Nagri Orloji merk Sima tempatna nekel djakana ditanggal sae Pangaos f 9.— Sinareng doepi ieu pesenan barang barang oepami henteu paudoek kenging dilironkeun deui dina sanes model barang, moegi sadaja djoersgan-djoeragan enggal njobiau pesu ditanggal sadaja barang-barang sae.

Hormat

**Mohamad Koerdi**  
Kebonkembang Tjiandjoer.

Hatner noebuen ka anoe parantoe timpah ngagaleuh Zakalmeunak 1929.

Ajeuna ude dieoeruran deni ngadamelna, tjawisun uoe tarobih.

Pangoosna? Ah, teu kedah diteroskeun deui, mirah bael Saues f 1.— saues f 0,50, teu satalen talen atjan moeng . . . f 0, 10

Eusina pepek sasih Walanda sasih oerang, maus pehupna, hari besarna, oekoeran-oekoeran sareng roepi-roepi timbangan, raraban oge pepek, ngu-goembirakeun moerangkali sareng sambueng lajang. Enggal pesen, sepeun 31 Augustus parantosna.

Noe ngaloearkenn

**Toko Boekoe en Drukkerij**  
Tjiandjoer v. h. Pasoendan  
Tasikmalaja.

N. B. Noe ngagaleuh ka Agent Agent teu kirang ti 5 benggol 10 almenak ongkos vrij.

### TEGEL FABRIEK

"NAJA"

Goecoeugabeulah Tasikmalaja.

Sajagi roepi roepi tegel, ba-ton buizen (kueloewoeng), sa-reng beton roosters.

Pangaos sareng kaktiatan di-tanggal ngabiuguhkeun. Prijs lijt sareng mouster tiasa di-poendoet gratis.

Noe ngadieng ngadieng

**S. Najawilaga.**

### ROBINON ROBINON

Jang amat perloe disediakan di dalam semoea roemah tangga! jang amat perloe boeat orang toea atawa moeda:

## "ROBINON"

HUID - en WONDOLIE

Minjak obat boeat SEGALA penjakit koelit dau SEGALA loeka-loeka, besar ketjil. (Koolitnja digosok, loekanja ditoeoep sadja sama kapoek pake minjak.

ROBINON tida ada laen dari ROBINON

Satos minjak jang ditenggoeng pasti dan dapat menjembouhkeu roepa-roepa penjakit koelit dan kemeasakan daging.

Harga satoe flacm 10 Gram . . . . . f 0,25  
20 . . . . . f 0,50  
30 . . . . . f 0,75

Pembeli boeat djoel lagi dapat korting dari 10% sampe 30%.

**Fabrik "ILTA"**

TASIKMALAJA.

Bisa dapat beli dari OELJ HAN LIE Batikhandel Tasikmalaja.

Djoega sedia tempat silih nikel harga per stel f 15.

Ketoe Oedeng Makerij  
**HALIM**  
West Pasar straat 16 Bandoeng

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batik sapertos batik Tjiamis Selo Banjoemas a.s.t. ngawitan pangaos f 2,25 f 2,50 f 3.— f 3,50 f 5.— sareng saterana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwirae sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3,50 f 4.— f 5.— Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.  
1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—  
" " " " " " f 1,25  
Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0,25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroeran kaloearan Bandoeng pangaos f 2,50 f 3.— f 3,50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njaroelap sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Prijscourant teu sajagi.

### INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regatsweg 3, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.